

# **Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens**

Sekretarya  
Acheveche, ri Sen Loran  
Pòtoprens  
Tel 2515 4674

**nan kolaborasyon ak**

## ***Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix***

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 2943 0079 / 2222 7899  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[jilap.national@forumcitoyen.org.ht](mailto:jilap.national@forumcitoyen.org.ht)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

## ***Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**3 mwa :**

**Avril – Jen 2009**

*Texte en français : voir pages 9 à 13  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

**Rapò 31 – Rapport 31**

## **Komisyon Jistis ak Lapè** **Ranmase rapò avril – jen 2009 (# 31)**

### **Ranmase rapò a**

Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, jefò Lapolis Nasyonal la ap fè, jefò k ap fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sosyete a pa konnen, men ki ede sosyete a fè yon pa annavan.

*Nan twa (3) mwa ki sòt pase yo, avril rive jen 2009, nou te konstate 170 viktim divès kalite vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Pami yo, pou pi piti, 77 **moun mouri ak bal**; nan peryòd 3 mwa anvan an sete 81. 7 **moun mouri ak zam blanch**; nan peryòd anvan an sete 19. 30 moun mouri nan aksidan machin; nan peryòd anvan an sete 27 moun ki te mouri nan aksidan (sitou machin). Aksidan machin toujou rete gwo sous vyolans. Men tou nou vle di : vyolans ak zam - ti zam lejè tankou revòlvè, ak zam blanch tankou kouto ak manchèt - ta konnen yon lejè bèss nan zòn metwopolitèn nan. Konsa tou nou obsève nan zòn Gran Ravin ak lòt kote nan Matisan ak Fontamara, nèg ak zam toujou ap sikile san pwoblèm ki fè kesyon sekirite a rete yon preyokipasyon e ki montre li difisil pou l bese.*

*Men kèk rekòmandasyon nou fè pou mwa sa yo:*

- 1. Afè zam rete yon gwo menas. Otorite yo pa janm wete zam ilegal nan men moun, epi zam pa rejistre kòm sa dwa.*
- 2. Sekirite pa dwe represif an premye lye. Otorite yo dwe kreye yon sitiyasyon kote gen respè pou dwa fondamantal moun yo ak jistis sosyal, kote gen espwa pou yon lavi miyò pou denmen. Sitiyasyon dezespwa ak fristrasyon jèn yo ap viv rete yon baz kote vyolans kapab fleri.*
- 3. Fenomèn enpinite a. Otorite lajistis yo gen misyon pou yo aplike lalwa, sa ap pèmèt yo korije move zak ki nan sosyete a. Anpil moun mouri anba vyolans nèg ak zam, e koupab yo ap sikile lib e libè san yo pa janm reponn zak yo devan lajistis. Depi nan lane 2002 komisyon Jistis ak Lapè ap fè obsèvasyon vyolans ki fèt nan zòn metwopolitèn nan men otorite yo pa vreman pote suit avèk rapò yo, sa ki te kapab ede yo gen plis limyè pou jwenn bon solisyon ak vyolans lan.*
- 4. Jistis popilè yon pwoblèm pou jistis la. Moun dwe viv nan diyite, se ak anpil lapèn nou obsève ki jan moun ap deside sou lavi moun parèy yo nan vyolans paske lajistis pa pre nan konfli yo. Otorite lajistis yo dwe travay pou pote solisyon nan pwoblèm sa yo.*
- 5. Sèvis transpò a pa dwe montre yon imaj ki degrade moun. Sèvis sikilasyon se enstans ki plase pou kontwole transpò piblik la, si pa gen bon mezi ki pran, eske n ap kapab kenbe sektè sa a? Fòk otorite sèvis sikilasyon yo fè enspeksyon teknik machin yo an pèmanans, pandan y ap kontwole estasyon kote pasajè yo ap monte e sou tout wout yo pou anpeche twòp moun mare tankou makòn poul nan machin yo.*
- 6. Itilizasyon telefòn selilè sou volan machin. Pou byen kondi machin fòk règ jwèt la respekte, lè yon chòfè pran plezi ap pale sou volan machin, sa kapab gen konsekans ki p ap janm repare pou chofè a e pou pyeton an. Otorite sèvis sikilasyon yo dwe sanksyone tout chofè machin k ap pale nan telefòn selilè pandan y ap kondi machin.*
- 7. Manke yon vrè politik sekirite nan divès domèn. Pa gen sekirite fizik, pa gen sekirite jiridik, pa gen sekirite nan koze lamanjay. Devan sezon siklòn ki devan n, nou dwe*

*repete: pa gen sekirite nan zafè ekoloji, pa gen sekirite nan fason moun ap konstwi kay nan ravin, sou mòn, nan kanal, el.*

### **Vyolans nan detansyon ak prizon**

Komisyon an pwofite okazyon rapò sa a pou atire atansyon sou vyolans k ap fèt sou moun ki nan detansyon ak prizon. Kondisyon lavi yo pa bon. Pa gen espas, pa gen enfrastrikti, menm espas, alewè yon kabann pou lonje kò yo pa genyen. Eske Leta pa kab okipe 8.000 sitwayen/yèn ki nan detansyon atravè tout peyi a e ki sou kont li? **Ki kote volonte politik la ye pou chanje sitiyasyon sa yo ?**

Komisyon an pibliye diferan rekòmandasyon li te voye bay diferan otorite ki genyen yon responsablite nan zafè detansyon, pou amelyore kondisyon detansyon ak prizon nan peyi a. Nou prezante yon tablo bilan nan finisman rapò a ki fè rezime 2 lane vyolans soti mwa jiyè 2007 pou rive mwa jen 2009, avèk yon graf ki eksplike done vyolans nan metwopolitèn nan.

## **Résumé du rapport**

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 31<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine, qui couvre les mois d'avril à juin 2009. Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent les efforts entrepris par la Police nationale pour créer un climat de sécurité dans le pays, d'autres efforts entrepris dans les quartiers populaires et méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas.

Pendant ces 3 mois, dans la zone métropolitaine, nous avons constaté : **170 victimes de la violence** ont été enregistrées par notre observation. **Au moins 77 personnes sont mortes par balle** ; dans la période précédente il y en avait 81. **7 personnes sont mortes par arme blanche** ; contre 19 pour la période précédente. **30 personnes sont mortes des accidents (de voiture surtout) ce qui est évident c'est que le nombre des accidents mortels sont revisé à la hausse; contre 27 pour la période précédente. Cela signifie, la violence des armes (armes légères de poing et couteaux) a connu une légère baisse dans la zone métropolitaine. Mais dans la zone de Grande Ravine et d'autres banlieu de Martissant et de Fontamara où La violence armée reste toujours un point préoccupant et cela ne tend pas à diminuer considérablement vue certains bandits armés qui circulent toujours en toute quiétude dans les rues.**

### **Un dernier mot sur « violence et détention »**

La Commission continue à dénoncer la violence faite sur les gens en détention dans les prisons. Leurs conditions de vie sont inhumaines. Y manque l'espace, les infrastructures, l'eau, même un lit pour se coucher. Serait-ce vraiment impossible pour l'Etat d'occuper convenablement ces 8.000 citoyens et citoyennes qui sont sous sa responsabilité directe en détention ? **Où est la volonté politique des autorités pour remédier à ces situations ?**

La Commission reprend dans ce rapport un nombre de recommandations qu'elle a adressé aux différentes autorités responsables de la question de la détention et de l'incarcération dans le pays. Un tableau bilan est présenté à la fin de ce rapport faisant le résumé de deux ans de violence allant de juillet 2007 au juin 2009, accompagnant d'un graphe expliquant différente donnée de violence faite dans la zone métropolitaine.

*Port-au-Prince, 7 août 2009*

**Lèt tou louvri** pou tout otorite ki konsènen yo:  
Madanm Michèle Duvivier Pierre Louis, Premye Minis  
Me. Jean Joseph Exumé, Minis Lajistis ak Sekirite Piblik  
M. Mario Andrésol, Direktè Lapolis Nasyonal  
M. Fritz Jean, Enspektè Jeneral Anchèf Lapolis Nasyonal  
Mèt Mazart Fortile, Komisè Gouvènman a.i. nan Pòtoprens  
M. Garry Desrosier, Pòt pawòl Lapolis Nasyonal  
M. Youri Latortue, Prezidan Komisyon Jistis ak Sekirite nan Sena Repiblik la

Kopi: M. René Garcia Préval, Prezidan

Madanm, Mesye,  
Otorite sivil ak polisye,

Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidyosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya Komisyon nasyonal la salye n ak anpil respè.

Jodi a, Komisyon an prezante n 31yèm rapò l sou vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, depi l kòmanse obsèvasyon sila a nan mwa jen 2002. Rapò sa a kouvri epòk avril rive jen 2009. Komisyon an travay ak yon kritè senp pou fè obsèvasyon sila a: se **moun ki mouri anba vyolans nan kapital la**. Nou te konsilte laprès, nou te koute divès moun ki pote enfòmasyon ba nou, epitou nou fè pwòp obsèvasyon pa nou. Depi kèk tan, nou jwenn konkou Lopital jeneral la ak PNH la ki ede n verifye epi konplete yon seri enfòmasyon. Nou kontan remèsye yo pou kolaborasyon sa a. Ak tout sa, nou rekonèt limit rapò nou an genyen. Reyalite a toujou depase sa ki ekri nan rapò sila a.

*Nou fè travay sila a pou fè otorite yo ak tout sitwayen ak sitwayèn peyi a pran konsyans sou reyalite vyolans ki genyen nan peyi a pi plis, paske se li menm ki pi gwo lènmi byen viv ansanm nan sosyete nou an. Epitou, chak moun ki mouri merite pou yo kenbe memwa li si posib. Diyite l kòm moun mande sa.*

### **Men ki jan sa te ye nan mwa ki sòt pase yo**

Nan mwa avril 2009 : nou rejistre **56** viktim vyolans ; pami yo 25 moun mouri ak bal ; 6 mouri nan aksidan machin 2 ak zam blanch. Pami viktim yo te genyen 8 fanm ak 4 timoun.  
Nan mwa me, nou rejistre **56** viktim ; pami yo 28 viktim mouri ak bal, 2 ak zam blanch ; 16 moun mouri nan aksidan machin ak yon moun ki touye tèt li. Pami yo te genyen 7 fanm ak 4 timoun; genyen 2 polisye ki mouri ak yon ajan sekirite.  
Nan mwa jen, nou rejistre **58** viktim; pami yo 24 nan yo mouri ak bal, 3 ak zam blanch; 8 nan aksidan. 9 fanm ak 3 timoun te pami viktim yo.

## Men kèk detay

	<b>Mwa avril 2009 56 viktim</b>	<b>Mwa me 2009 56 viktim</b>	<b>Mwa Jen 2009 58 viktim</b>	<b>Pou peryòd la 170 viktim</b>
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	-	2 polisye/1 ajan sekirite	1 ajan sekirite	
Fanm ak timoun ki viktim	8 fanm / 4 timoun	7 fanm / 4 timoun	4 fanm / 3 timoun	
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	12	5	6	
2. Sou lakòz lanmò yo :				
Moun ki mouri ak bal	25	28	24	77
Moun ki mouri ak bal lapolis	-	1	-	
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	1	1	
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	4	2	1	
Viktim afwontman ant gang	-	-	-	
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	21	23	22	
Moun ki touye tèt yo	-	1	-	
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	2	2	3	7
Moun ki mouri nan aksidan	6	16	8	30
Moun ki mouri nan move tan	-	-	-	
Lòt kòz ak sa yo pa konnen	23	10	23	56
3. Sou kèk katye :				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino	-	-		
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	2	8	5	15
Zòn Kafou	2	7	11	20
Gran Ravin ak Matisan	5	5	5	15
Petyonvil, wout Frè	2	3	2	7
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital	14	14	13	41
4. Sou kèk lòt sikonstans:				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò	2	2	-	4
Etikèt kidnapè	-	-	-	

Nan obsèvasyon nou fè, nou wè genyen plizyè sikonstans ki lakòz moun sa yo mouri anba vyolans, nou jwenn nèg ak zam k ap pwente zam sou moun pou fè òldòp, plizyè moun konn rive pèdi lavi yo nan moman sa a. Gen yon seri ka se kou kriminel san fwa ni lwa k ap simen lanmò. Nou obsève tou afwontman ki fèt ant gwoup gang yo, se ka koridò lafwa, yon zòn nan 5kyèm Avni Bòlòs kote nèg ak zam ap demontre fòs tout tan nan fè afwontman youn ak lòt gwoup gang nan zòn nan. Sityasyon sa a toujou kreye gwo tansyon e anpil moun viktim anba vyolans sa yo.

Lòt konsta nou fè se eta fizik prèske tout zòn metwopolitèn nan, pa gen elektrisite, lè lannwit rive se lapèrèz total, sitwayen ap fè tout vye refleksyon, kote bandi pran plezi nan dechèpiye moun jan yo pi pito, nan yon seri pozisyon yo byen kontwole.

Blakawout ki toujou ki genyen tout tan nan kapital la se yon gwo faktè ki ogmante ensekirite a. Nou genyen kòm egzanp ka asasinay enspektè polis Acelesse Lainé chèf tipòs Matisan bandi touye ak plizyè bal nan yon zòn toupre 5kyèm Avni Bòlòs ak Site Lètenèl, yon kote ki pa gen limyè e menm si gen limyè li toujou fè nwa. Se yon zòn ki toujou danje lajounen kou lannwit.

Nan analiz nou fè nou wè tizam k ap sikile nan kondisyon ki ilegal anndan sosyete a e nan zòn metwopolitèn nan anpatikilye rete yon gwo sous k ap alimante chak jou pi plis ensekirite a. Sityasyon sa a se yon malè pandye ki kapab ranvèse tout lòd ki tabli, si otorite yo pa pran bonjan mezi pou kontwole tizam yo.

Sa ki parèt dwòl nan obsèvasyon an, se plizyè sitwayen ki temwanyè ki jan yo pè paske yon seri atoufè, k ap poze tout move zak jan yo vle e yo di: « se nou ki kontwole lari a, nou pa gen chèf ».

Sityasyon sa a fè n poze kesyon sou yon polis ki pre moun yo ki pa genyen (pwoksimite) pou ta pote bonjan repons lè atoufè san fwa ni lwa sa yo ap poze move zak sou sitwayen yo. Sa fè n poze kesyon tou sou fason y ap mennen ankèt yo. Eske yo fèt byen?

Lòt gwo konsta nou rive fè nan rapò sa a, se ka aksidan yo k ap ogmante chak jou pi plis. Nou konstate:

- Pa janm genyen bonjan enspeksyon teknik ki fèt pou kontwole eta fizik machin yo. Machin yo sal, y ap ponpe move lafimen adwat agòch k ap detwi anviwònman an.
- Otorite lapolis yo an jeneral e sèvis sikilasyon anpatikilye pa janm pran mezi sevè pou pini tout chofè nan transpò piblik la k ap pote moun tankou sadin, tankou makòn poul, yon kondisyon ki imilyan ak degradan.
- Gen anpil koripsyon nan sektè sa a, kote polisye pran plezi nan pran lisans chofè nenpòt fason pou pran lajan nan men yo, pandan yo touye je yo sou kondisyon chofè yo ap transpòte moun.
- Absans yon polis woutye aktif e byen djanm poze gwo pwoblèm pou gen sekirite sou wout yo. Eske pa dwe gen yon konsyans anplis bò kote otorite reskonsab yo pou limite ka aksidan k ap fèt an seri sou wout yo.
- Fenomèn motosiklèt k ap sikile nan vil yo prèske tounen yon dram. Moun monte moto nenpòt fason, 2, 3, 4 moun monte sou yon sèl moto anba je otorite yo. Bandi sèvi ak moto pou fè zak malonèt ak lòt ankò.

Sikilasyon machin ak motosiklèt pa dwe kontinye ap fèt nan dezòd, paske se lavi moun li mete an danje, fòk gen bon mezi ki tabli pou moun sispann mouri nan move kondisyon.

Nou gen ka moun yo toujou ap rache yo, ki se ka jistis popilè. Sityasyon sa a montre sitwayen yo pa fè lajistis konfyans. Sa bay move imaj pou sosyete a ki montre nou ap viv san respè pou diyite ak Dwa moun. Ki konsyans ki dwe gen anplis pou korije sityasyon sa yo?

Men kèk rekòmandasyon nou fè pou mwa sa yo:

1. Afè zam rete yon gwo menas. Otorite yo pa janm wete zam ilegal nan men moun, epi zam pa rejistre kòm sa dwa.
2. Sekirite pa dwe represif an premye lye. Otorite yo dwe kreye yon sityasyon kote gen respè pou dwa fondamantal moun yo ak jistis sosyal, kote gen espwa pou yon lavi miyò pou denmen. Sityasyon dezespwa ak fristrasyon jèn yo ap viv rete yon baz kote vyolans kapab flieri.
3. Fenomèn enpinite a. Otorite lajistis yo gen misyon pou yo aplike lalwa, sa ap pèmèt yo korije move zak ki nan sosyete a. Anpil moun mouri anba vyolans nèg ak zam, e koupab yo ap sikile lib e libè san yo pa janm reponn zak yo devan lajistis. Depi nan lane 2002 komisyon Jistis ak Lapè ap fè obsèvasyon vyolans ki fèt nan zòn metwopolitèn nan men otorite yo pa vreman pote suit avèk rapò yo, sa ki te kapab ede yo gen plis limyè pou jwenn bon solisyon ak vyolans lan.
4. Jistis popilè yon pwoblèm pou jistis la. Moun dwe viv nan diyite, se ak anpil lapèn nou obsève ki jan moun ap deside sou lavi moun parèy yo nan vyolans paske lajistis pa pre nan konfli yo. Otorite lajistis yo dwe travay pou pote solisyon nan pwoblèm sa yo.
5. Sèvis transpò a pa dwe montre yon imaj ki degrade moun. Sèvis sikilasyon se enstans ki plase pou kontwòle transpò piblik la, si pa gen bon mezi ki pran, eske n ap kapab kenbe sektè sa a? Fòk otorite sèvis sikilasyon yo fè enspeksyon teknik machin yo an pèmanans, pandan y ap kontwòle estasyon kote pasaje yo ap monte e sou tout wout yo pou anpeche twòp moun mare tankou makòn poul nan machin yo.
6. Itilizasyon telefòn selilè sou volan machin. Pou byen kondi machin fòk règ jwèt la respekte, lè yon chofè pran plezi ap pale sou volan machin, sa kapab gen konsekans ki p ap janm repare pou chofè a e pou pyeton an. Otorite sèvis sikilasyon yo dwe sanksyone tout chofè machin k ap pale nan telefòn selilè pandan y ap kondi machin.
7. Manke yon vrè politik sekirite nan divès domèn. Pa gen sekirite fizik, pa gen sekirite jiridik, pa gen sekirite nan koze lamanjay. Devan sezon siklòn ki devan n, nou dwe repete: pa gen sekirite nan zafè ekoloji, pa gen sekirite nan fason moun ap konstwi kay nan ravin, sou mòn, nan kanal, el.

### **Vyolans nan detansyon ak prizon**

Komisyon an pwofite okazyon rapò sa a pou atire atansyon sou vyolans k ap fèt sou moun ki nan detansyon ak prizon. Kondisyon lavi yo pa bon. Pa gen espas, pa gen enfrastrikti, menm espas, alewè yon kabann pou lonje kò yo pa genyen. Nan moman n ap ekri rapò sa a penitansye nasyonal la genyen pi plis pase 4000 moun ki fèmen ladan l. Chak detni pa gen 0,5 mètr kòm espas pou yo viv. Kiyès moun ki kapab viv nan eta degradan sila a? Prizon yo tounen lekòl pou moun vin pi kriminèl, yon sityasyon ki se yon danje pou sosyete a. Poukisa leta pa vle manyen kesyon moun ki nan prizon an kòm sa dwa? Eske Leta pa kab okipe 8.000 sitwayen/yèn ki nan detansyon atravè tout peyi a e ki sou kont li? Ki kote volonte politik la ye pou chanje sityasyon sa yo ?

Komisyon an denonse konsyans plizyè jij pa pran, lè dosye detni yo rive nan kabinè yo se nan anpil mizè pou yo tande yo. Sa ki pi mal, lè jij yo pa rive chak jou an reta, ou konn ap mande pou li ou tande li pran konje pou etid li san li pa bay okenn suit ak kantite dosye ki nan men l yo. Ki kote volonte otorite lajistis yo ye pou rezoud pwoblèm sa a?

Komisyon Jistis ak Lapè nan zòn metwopolitèn nan ap salye yon lòt fwa ankò tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, menm si genyen anpil ezitasyon. Nou salye jefò ka p fèt nan katye popilè yo, jefò anpil moun nan gran sosyete a pa konnen, men k ap pèmèt peyi a fè yon pa. Chimen an long. Lit kont koripsyon, enpinite, eksklizyon ak majinalizasyon pou gen jistis ak verite fenk kòmnanse.

Pou Komite Direktè Jilap Achipo ak Jilap Nasyonal.

*Le texte créole est original*

Potoprens, jou ki 7 daout 2009



Madames et Messieurs les autorités civiles et policières,

La Commission Archidiocésaine Justice et Paix et le Secrétariat de la Commission nationale vous saluent respectueusement.

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 31<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine depuis qu'elle a commencé cette observation en juin 2002. Ce rapport couvre les mois d'avril à juin 2009. La Commission s'est choisi un critère simple pour mesurer la violence: **les victimes mortelles de la violence à travers les rues de la zone métropolitaine**. Nous avons consulté la presse ; nous avons rencontré des témoins ; nous avons fait nos propres investigations. Pour nos derniers rapports, nous avons bénéficié de la collaboration de l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti et de la Police Nationale ; ce qui nous a permis d'encore mieux vérifier et compléter certaines informations. Nous les en remercions sincèrement, tout en reconnaissant les limites de notre travail.

*Notre objectif est de sensibiliser les autorités et tous les citoyens et citoyennes sur la réalité du pays, parce que la violence constitue un handicap majeur pour construire une convivialité pacifique entre les citoyens. Chaque victime mérite qu'on fasse mémoire de lui ; sa dignité humaine le demande.*

### Voici le résumé de nos observations :

Au mois d'avril 2009, nous avons enregistré **56** victimes de la violence, dont 25 sont mortes par balles ; 6 sont des victimes suite à des accidents de la route ; 2 par arme blanche. Parmi eux, il y avait 8 femmes et 4 enfants victimes.

Au mois de mai 2009, nous avons enregistré **56** victimes ; parmi eux 28 victimes par balles ; 16 sont des victimes suite à des accidents de la route ; 2 par arme blanche ; une personne s'est suicidée parmi eux 7 femmes, 4 enfants ; il y avait deux policiers victime et un agent de sécurité.

Au mois de juin, il y avait **58** victimes, dont 24 sont mortes par balles ; 3 par arme blanche ; 8 sont mortes suite à des accidents de voiture. Parmi ces personnes : 4 femmes et 3 enfants.

### Voici les détails

	<b>Avril 2009 56 victimes</b>	<b>Mai 2009 56 victimes</b>	<b>Juin 2009 58 victimes</b>	<b>Pour la période 170 victimes</b>
<b>1. Sur l'identité des victimes :</b>				
<b>Policiers et agents de sécurité</b>	-	2 policiers / 1 agent sécurité	1 agent sécurité	
Femmes et enfants	8 femmes 4 enfants	7 femmes 4 enfants	4 femmes 3 enfants	
Victimes non identifiées	12	5	6	
<b>2. Sur la cause de mort</b>				
<b>Morts par balle</b>	25	28	24	<b>77</b>
<b>Morts par balle de la police / Minustah</b>	-	1	-	

Morts dans affrontement gang avec police / Minustah	-	1	1	
Morts par balle par de gangs	4	2	1	
Morts lors d'affrontement entre gangs	-	-	-	
Morts par balle d'inconnus	21	23	22	
Morts par suicide	-	1	-	
Morts par arme blanche, couteau, roches, bâton	2	2	3	7
Morts accidentels	6	16	8	<b>30</b>
Environnement	-	-	-	
Autres causes	23	10	23	<b>56</b>
3. Concernant certains quartiers Bel Air, Delmas 2 et 4, Fort National, Solino	-	-	-	
La Saline, Cité Soleil, Cité militaire	2	8	5	15
Zone de Carrefour	2	7	11	20
Zone de Martissant et de Grande Ravine	5	5	5	15
Route de Delmas et Pétion-Ville	2	3	2	7
Zone inconnu / Hôpital général	14	14	13	41
4. Autres circonstances				
Morts pour accusation de vol	2	2	-	4
Accusation kidnappeur/bandit	-	-	-	

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 31<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine, qui couvre les mois d'avril à juin 2009. Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent les efforts entrepris par la Police nationale pour créer un climat de sécurité dans le pays, d'autres efforts entrepris dans les quartiers populaires et méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas.

Pendant ces 3 mois, dans la zone métropolitaine, nous avons constaté : **170 victimes de la violence** ont été enregistrées par notre observation. **Au moins 77 personnes sont mortes par balle** ; dans la période précédente il y en avait 81. **7 personnes sont mortes par arme blanche** ; contre 19 pour la période précédente. **30 personnes sont mortes victimes d'accidents (de voiture surtout) ce qui est évident c'est que le nombre des accidents mortels sont révisé à la hausse; contre 27 pour la période précédente.** Cela signifie, la violence des armes (armes légères de poing et couteaux) a connu une légère baisse dans la zone métropolitaine. Mais dans la zone de Grande Ravine et d'autres banlieue de Martissant et de Fontamara où La violence armée reste toujours un point préoccupant et cela ne tend pas à diminuer considérablement vue certains bandits armés circulent toujours en toute quiétude dans les rues.

Au cours de notre observation nous avons identifié plusieurs circonstances qui ont occasionné ces cas de mort violente, comme les braquages (old up), des coups criminels, des affrontements entre des groupes de gangs, c'est le cas de corridor La foi, Banlieue de 5<sup>ième</sup> Avenue Bolosse où des bandits

*armés font toujours des démonstrations de force en affrontant d'autres groupes rivaux, cette situation crée de tension et de violence dans les zones.*

*D'autres constats c'est la structure physique de beaucoup de zones. Quand il n'y a pas d'éclairage ou d'électricité, à la tombée de la nuit, on sent que tout est inquiétant, les citoyens se plongent dans toute sorte de réflexion où des bandits armés s'adonnent à rançonner des citoyens dans des positions stratégiques à eux, le black out chronique que connaît la capitale est un facteur de l'insécurité grandissante que connaît souvent la zone métropolitaine. C'est le cas de l'inspecteur principal de l'avant poste de police de Martissant qui a été assassiné par balles dans un périmètre peu éclairé non loin de 5ème Avenue et Cité de l'Eternel. Cette zone est constamment dangereuse tant pour les piétons que pour les automobilistes.*

*Le port illégal des armes de poing constitue la source fondamentale qui alimente constamment l'insécurité. C'est une bombe à retardement qui tôt ou tard pourrait éclater la structure de l'ordre établi, si on ne prend pas des mesures appropriées visant à contrôler les armes de poing.*

*Lors de notre observation, plusieurs citoyens nous témoignent leur inquiétude parce que, les gens mal intentionnés posent des actes répréhensibles en toute quiétude en disant : « se nou ki kontwole lari a, nou pa gen chèf ». La police de proximité accuse une grande faiblesse pour apporter une réponse immédiate lors de la commission de bon nombre d'actes répréhensibles voire des enquêtes sérieuses.*

*L'autre considération dans ce rapport c'est le cas des accidents de la circulation où il y a une absence totale des principes régissant les règles de conduite. On entasse les gens comme des sardines ; cette situation précaire donne lieu à des drames regrettables. L'absence de police routière : on pourrait éviter beaucoup d'accidents, s'il y avait une présence de policier routier quelque part. Dans la circulation tout se fait sans structure adéquate, dans le plus grand désordre.*

*Nous évoquons les constats suivants :*

*L'inspection technique des véhicules accuse une grande faiblesse, l'état physique dont se trouvent les véhiculent dans les rues est critique, le taux de dégagement du Co2 est néfaste pour l'environnement.*

*Les autorités policières en général et celles du service de la circulation en particulier n'ont pas pris de mesure sévère visant à punir les chauffeurs du transport public qui surchargent leurs voitures de transport public ; ces situations sont dégradantes et humiliantes pour les passagers.*

*La corruption est très présente dans ce secteur où on retrouve des policiers qui s'amuse à prendre le permis de conduire de certains chauffeurs pour soutirer de l'argent alors qu'ils semblent ne pas voir la situation infrahumaine subie par les passagers.*

*L'absence de la police routière pose de sérieux problème de sécurité au niveau des routes. Ceci pourrait limiter les cas d'accidents en séries qui se font sur les routes.*

*Le phénomène des motocyclettes qui dans un laps de temps occupent toutes les rues est préoccupant. On constate 2, 3, 4 personnes peuvent se retrouver sur une seule moto, tout ceci sous le regard passif des autorités policières. Des personnes mal intentionnées profitent de cette complaisance pour accomplir leur forfait.*

*La circulation des véhiculent et des motos ne peuvent pas se faire dans un climat de désordre généralisé, ce qui met en danger la vie des passagers. Les autorités policières doivent prendre des mesures appropriées pour faire cesser les épisodes tragiques sur nos routes.*

*La Commission signale les cas pratiques de lynchages où des gens démontrent leur manque de confiance en la justice et se font Justice eux-mêmes par des pratiques barbares et inhumaines.*

*Faut-il une conscience de plus de la part des autorités judiciaires pour corriger ces situations lamentables ?*

**Quelques recommandations sur les 3 mois :**

- 1) La prolifération des armes de poing reste une menace. La violence armée dans le pays pourrait facilement faire surface dans le pays, depuis qu'on relâche un peu l'approche répressive, parce les armes illégales n'ont jamais été confisquées, ensuite, les armes en usage ne sont pas enregistrées correctement. Ceci est du devoir des autorités.
- 2) La sécurité ne devrait être résultat d'une approche répressive en premier lieu. Le rôle des autorités est de créer un climat où règne le respect des droits fondamentaux des personnes, où règne la justice sociale, où les gens peuvent espérer un demain meilleur pour tous et pour toutes.
- 3) De l'impunité dans la ville. Les autorités judiciaires sont tenues d'appliquer la loi en vue de réparer le tort qui est fait à la société où bon nombre de personnes sont décédées de mort violente par des hommes armés et les auteurs de ces actes répréhensibles se promènent en toute quiétude dans les rues sans que la justice ne décide de leur culpabilité. Depuis juin 2002 la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix observe la violence faite dans la zone métropolitaine mais aucune suite n'est véritablement donnée aux rapports publiés qui constituent un moyen aux autorités pour mieux aborder le problème de la violence dans ladite zone.
- 4) La justice expéditive. L'être humain doit vivre dans la dignité, c'est totalement inacceptable de voir des gens, sans compassion aucune, s'amuser à lyncher leur semblable, au nom de la non présence de la justice qui souvent n'intervient pas dans leur démêlé. Les autorités judiciaires doivent corriger ces dérives pour le bonheur de la société.
- 5) Le service de transport ne devrait pas renvoyer à une image dégradante. Le service de la circulation est l'organe par excellence pouvant assurer le transport public, sans des mesures adéquates, peut-on arriver à gérer ce secteur ? il faut que les autorités de la circulation s'assurent en permanence l'inspection technique des véhicules, et aussi d'exercer de strictes contrôles au niveau des stations d'embarquement et au long des routes pour empêcher le surnombre des personnes dans les machines.
- 6) L'utilisation de téléphone portable au volant. Pour bien conduire les principes doivent être respectés. Parler au portable au volant est un acte très dangereux, ce qui peut entraîner des conséquences irréparables ni pour le chauffeur ni pour les usagers de la voie publique, les autorités du service de la circulation doivent sanctionner les chauffeurs qui parlent au téléphone au volant.
- 7) A l'approche d'une nouvelle saison cyclonique, nous répétons ce qui a écrit dans le rapport précédent de la Commission. Dans le pays, il n'y a pas de sécurité écologique, pas de sécurité quand on regarde la façon qu'on construit les édifices dans ou près des ravines, sur les pentes, dans les canaux, etc. Il manque une politique de l'Etat dans ce domaine ; et le peu qui existerait ne sert à rien ou est inconnu de la population. Où sont les mesures qui préparent la saison cyclonique qui s'annonce ?

## **Violence et détention**

Nous voulons attirer votre attention sur les conditions de détention dans les prisons, qui sont des situations de violence. Les conditions de vie sont inhumaines. Y manque de l'espace, des infrastructures, de l'eau, même un lit pour se coucher fait défaut. Au moment d'écrire ce rapport, le pénitencier national contient plus de 4.000 détenus et prisonniers. Chaque détenu ne dispose même pas de 0,5 mètre carré d'espace vitale. Qui peut vivre dans des conditions de vie semblables ? Les prisons sont des écoles de délinquance et constituent un danger pour la société. Pourquoi les autorités du pays refusent d'adresser la question ? Serait-ce vraiment impossible pour l'Etat d'occuper convenablement ces 8.000 citoyens et citoyennes qui sont sous sa responsabilité directe en détention ?

Nous dénonçons le manque de conscience humaine d'un nombre de juges qui reçoivent un dossier pénal et qui ensuite partent à l'étranger pour raison d'étude ; d'autres arrivent en retard dans leurs bureaux ; d'autres encore ont tellement d'occupations différentes qu'ils ne sont même pas en mesure d'occuper les dossiers qui leurs sont confiés. Où est la volonté politique des autorités pour remédier à ces situations ?

